Julli naa ak Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc muy sëlmël ci ndayjooram: "assalaamu halaykum warahmatul Laahi wabarakaatuhu", ak ci càmmooñam: "assalaamu halaykum warahmatul Laah

Jële nañu ci Waa-il ibn Hujrin yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Julli naa ak Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc muy sëlmël ci ndayjooram: "assalaamu halaykum warahmatul Laahi wabarakaatuhu", ak ci càmmooñam: "assalaamu halaykum warahmatul Laah".

[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu daan bëgg a génn ci julli gi day sëlmël ci ndayjooram ak ci càmmooñam, mu geestu ci kanamam jëm ci wetu ndayjoor, ànd ak wax: (assalaamu halaykum warahmatul Laahi wabarakaatuhu), daal di sëlmël ci càmmooñam, mu geestu kanamam ci wetu càmmooñam, ànd ak wax: (assalaamu halaykum warahmatul Laah).

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10945